

Dasanama, Anonim, 1932, #1903

Katalog : [Dasanama, Anonim, 1932, #1903](#)

Sambung : -

Dasanama

1. Dasanama,
2. Cōndrasangkala,
3. Patraping anyêrat,
4. Mas Ngantèn,
5. Suluk Luamah,
6. Namaning para Nabi kang wontên Kuran,
7. Jimat,
8. Widyakarana,
9. Widyapradhana,
10. Dumuginipun Widyakarana.

Awignamastu namasidhi. Punika Sêrat Kawi Dasanama, kapratelakakên namanipun satunggal-tunggal kang gumêlar wontên ing jagad, utawi namanipun ingkang wontên salêbêting badan sajawining badan, kapratelakakên kados ing ngandhap punika warnipun sadaya.

Kang rumiyin namaning rambut: rema | roma | wèni | jata.^[1]

Namaning sinom: sinwam | tarna | srinata.

Namaning êndhas: êndhas | sirah | mastaka | murda | ulu | kumba | utamôngga | pasuhunan | sidhira.

Namaning polo: utaka | pukara.

Namaning nyêng-unyêngan: munyung | munyêng | pundri | pundran | ungsran.

Namaning bun-êmbunan: pasundhulan | panuhun | wuwunan | nabyuka.

Namaning rai: wadana | nayaka | swa | pasuryan | paraupan | muka | nana | waktra | aswa | golaka.

Namaning bathuk: larapan | paradinan | ratha | canta | bahli | thila | dahya | watriya | wathawa.

Namaning mata: tingal | soca | netra | aksa | aksi | èksi | ecana.

Namaning alis: imba | êni | drasthi | nahya | siratmaya.

Namaning idhêp:^[2] irpya | wiruya.

Namaning tlapukan: pakêjêpan | dyaraksa | nitrama | padhelan.

Namaning tadhah luh: tarinjilan | taritisan.

Padoning maripat: padaksi | sanira.

Namaning ulat: nitya | naya | liring | wulat | nayana | jaswa.

Namaning pasu: paswa | salimba | nayantara.

Namaning irung: grana | trisma | nasika | parsana.

Namaning pipi: pangarasan | paya-paya | julingha.

Namaning kuping: talingan | karna | panalinga | pangrênga | kêpêh | kênoh | padlingan.

Namaning godhohing kuping: pani | panoka.

Namaning pêpilingan: pilisan | pamindhi | pindaka | salimuka.

Namaning lambe: lathi | talawya | wiwrita | wiruca.

Namaning cangkêm: tutuk | panglinga | jurama | dukara.

Namaning untu: waja | dênta | ungsa | udata.

Namaning siyung: dhrastha | dodaka | anudata | jatha | jêthis.

Namaning êbam: bahêm | watma.

Namaning gusi: gos | brima | podata.

Namaning ilat: lidhah | jihwa.

Namaning têlak: lak-lakan | patlak | jaludha.

Namaning cêthak: ludhaka | pakima.

Namaning gorokan: gurung | têngkran | padinan | goludha | luwidha | janggarma.

Namaning kalamênjing: panghula | kalmasu | kalanjura.

Namaning janggut: dhagu | garguta.

Namaning uwang: wêhang | wêgang | wanggita.

Namaning gulu: tênggak | tênggêk | jôngga | lungaya | lungkeya.

Namaning tênggok: janggata | tanggota.

Namaning githok: griwa | jitha | prastha.

Namaning pundhak: pamidhangan | luwisa | bujangsa.

Namaning sêsalang: sale-sale | salsalika.

Namaning bau: buja | wahwa | sikara | bahya | bahyi | buja.

Namaning tangan: kasta | aswa | asta | lngan | rutya | wdun | lungiyana.

Namaning cangklakan: kèlèk | goswa.

Namaning sikut: siku | lunggiya | lunggana.

Namaning ugêl-ugêl: jurung | panggri | sudipa.

Namaning èpèk-èpèk: têpak | têpaswa | gumpita.

Namaning dariji: jari | nyari | suweda.

Sêlaning dariji: asman | amlita.

Namaning jêmpol: êmpol-êmpolan | kuhita.

Namaning panuduh: tuding | panêdah | tamuduhan.

Namaning panunggul: manika | panalika | ulu jari.

Dariji manis: jari madu | namika.

Namaning êtoh: sêpahan.

Namaning jênthik: ênthik-ênthikan | kalingkingan.

Namaning kuku: kanaka | tulangsa | makri | tumit.

Namaning brêngos: rawis | kumbala | kumis.

Namaning godhèg: jambang.

Namaning jenggot: bris | jèbrès.

Namaning simbar jaja: jagamaja.

Namaning jaja: dhadha | pranaja | jangsa = krudha.

Namaning susu: pambayun | payudara | saridha | tetya | lêmak | santên.

Namaning pulung ati: kêkulung | lêmbana.

Namaning wêtêng: padharan | garba | dhara | udara | dhandhun | bandhut.

Namaning wudêl: pusêr | tungtunan | nabi | umadya.

Namaning lambung: gepya | udaya | iring.

Namaning iga: rusuk | juringan.

Namaning têpak: sangat | sanggata | watwaha | lêmbi.

Namaning gigir: pêngkêran | pugyatan | kriha | adadha.^[3]

Namaning ula-ula: tanggola | adodaya.

Namaning walakang: wadidang | turwaka.

Namaning bokong: bocong | wangkong | wangku | ataski | prasila | pasmika.

Namaning silit: mèdi | jubur | pantat.

Namaning pajalêran: pasta | lada | purus | purusa | linggana | pêli | gathèl | guthul.

Namaning konthol: palandhungan | gintungan | siraswa | landhuka.

Namaning pawèstrèn: has | бага | turuk | hès | blêki | pasti.

Namaning itil: krêntika | wagaprana | karêntyâ.

Namaning pupu: paha | supit | tur.

Namaning dhêngkul: jêngku | drakuka | jungkala | jungkalika.

Namaning sikil: suku | sampeyan | kila | pada | paduka | jêng | jung.

Namaning polok: padaksa | padaraka | padaraksa.

Namaning tungkak: jungkare | sangkila.

Namaning dalamakan: talapakan | pacakan | talapada | pangkaja | padaka | talajung.

Namaning ati: manah | galih | praya | wardaya | driya | tyas | praha | twas | ambêg | sota | cita | sita | hrêdaya | drana.

Namaning jantung: tungtut | anyana.

Namaning lêmpeû: paru-paru | ampadu |^[4] parwadha.

Namaning usus: iswa | pusdhara.

Namaning otot: urata | paradha | anggota.

Namaning bayu: waywa | nadi.

Namaning balung: tosan | tulang | walêngka | sadhiha.

Namaning sungsum: saswama | sadisya | gêgala.

Namaning daging: palmaka | srabda.

Namaning gajih: walam | lêmak | pidyaka.

Namaning gêtih: rah | marus | rudhira | ludira.

Namaning kulit: walulang | wacucal | carmma | turila.

Namaning wulu: bulu | arlla | krima.

Namaning badan: awak | yrangka | sarira | angga | ôngga | wak | lingga | langgana | wônda | tubuh | sulaksana | raga | pasikêpan.

Namaning nyawa: atma | hatma | jiwa | jiwita | suksma.

Namaning mani: rahsa | sindurêtna | rêtna | manimaya.

Namaning êluh: aringêt | arimut | riwe | swanita | karwaya | erangga.

Namaning idu: kêcok | kêcoh | ludha | criwaya.

Namaning ambêkan: uswasa | wayuwita.

Namaning wêwayangan: graya | paryana | mayangga | luyana.

Namaning andhêng-andhêng: karandhêng | wintangga.

Namaning ratu: endra | nareswara | nare^[5] iswara | narendra | narendradipa | nareaaji^[6] prabu | nareprabu^[7] nararya | nararyadipa | narpati | nrêpati | narapati | narpa | dhipati | dhipa | buhpati | bupati | naradipa | buhpala | buhpalaka | bupalaka | bumipala | buminata | mangkubumi | sitipati | sri | srinata | nata | sang nata | raja | maharaja | sinuhun | susuhunan | sang siniwi | dhatu | sang sri |

kangjêng | dipa | pamasa | pangêmpyan | aji | naranata | srindra | nara.^[8]

Namaning kangjêng ratu: mahisi | wara mahisi | nata mahisi | narendra mahisi | nrêpawadu | narèsuari | narpaduhita | duhita | narpadayita | dayita | garini | narendra garini | paramèsuari | pramèsuari | supatni | nata dèwi | patni | sri supatnisuari | natarèni | prawara mahisi | raja mahisi | sriyodati | lêksmiwati | bini aji | rakyana bini aji | padmi | supadmi.

Namaning pandhita: rêsi | wiku | wikwa | mahawiku | yati | suyati | mahayêkti | yogi | mahayogi | sidhya | sidha | yampu | yampuh | brahmana | bramaha | sunnya | sidhawikwa | yatiwara | dwijawara | maha pinundhi | muniwara | maharêsi | mahamuni | sidhayogi | sidhayogiswara | munindra | yegindra | sang mahêning.

Namaning pujôngga: kawirêja | kawiradya | kawiswara | sang akawi | kawindra | kawiwara | paramakawi | paramabasa | paramasastra | môndraguna | awicarita | mardawalagu | mardibasa | sambegana | nawungkridha.

Namaning santana: wandu warga | wandu wandawa | wandawa | wangsa wandu wandawa | kulayadu | kulayadu wandu wandawa | kulawandawa | kulawandu wargga | yadukula | kulawargga | sanak sadhèrèk.

Namaning putra: sunu | suta | tannaya | wêka | atmaja | siwi | wêkaja | yranak | ja | hak | ranak | sunya | syanya | anak.

Namaning pêpatih: kyan mapatih | rakyan mapatih | rakryan mapatih | mangkupraja | senapati | mantri mukya | adipati | anindya mantri | nataradya | mangkubumi | nayaka waktra | mantri wisesa.

Namaning senapati: senanata | dipati | senadipa | senapati | natayuda | pramugari.

Namaning prajurit: wira | prawira | wirayodha | suwira | partiwa | wara | prawara | warayodha | yoda | wirarodra | sura | suranggakara | danuja | dibya | sudibya | widagda | dibyanung.

Namaning tumênggung: wadana | bupati | nayaka.

Namaning tiyang: janmi | janma | jalma | jana | nara | manusa | wang | wyang | uwong.

Namaning tanah: mandhala | pradesa | taniwana.

Namaning nagari: praja | pura | kutha | nagara | radya | rarjya | rajadhi | rajadhan.

Namaning jagad: rat, paramodhadya | paramotama | paramosita | paramodita | paramosesa | paramosadha | jagadtraya | rakwiryawan | rat kotyama | rat pramawa | rat kartyawan | rat paramoditaya | paramosesaya.

Namaning ênggon: loka | pada | swana | syana | sana | unggyan | stana | astana.

Namaning bumi: buhwananda | buhwana | ngandha bumi | ngandha buhwana | bumi mandha | mandhala | bumi mandhala | tri mandhalaya | tri bawana | bawana | kisma | bantala | pratata.

Namaning madyapada: marapada | aripada | amarapada | manusapada | martyapada | swamanusa | amartyapada | narapada | janmapada | janapada | madyapada.

Namaning dêlahan: martyaloka | martyalokaya | triloka | janaloka | loka bawana | narahyang | amaraloka | muksapada | kamuksapada | nirayapada | smaralaya.

Namaning omah: panti | rangka | rangkang | rangkal | nasa | yasa | suyasa | wisma | syawisma | suwèsma | graha | grêha | bale | wangun.

Namaning srêngenge: surya | raditya | arka | rawi | baskara | diwangkara | haruna | hera | suwandagni | kalandaragni | dinangkara | radeya | andakara.

Namaning rêmbulan: wulan | yayi | cōndra | basōnta | sasōngka | kirana | sitangsu | lèk | têngsu | tanggal.

Namaning lintang: wintang | bintang | kalintang | taranggana | sudama.

Namaning langit: wiyat | wiyati | jumentara | tawang | awang-awang | antariksa | nabastala | rawismara.

Namaning gunung: endra | girindra | wukir | acala | aldaka | arga | giri | parwata | parbata | parsa | ardi | imawan.

Namaning banyu: tirta | warih | toya | ranu | gangga | we | tuban | jahning | jahnawi | sindu | udaka.

Namaning alas: wana | bana | tarataban | wulusan | wanawasa | wanadri | wanapringga | lirang | wêlahan | wanantara | utan | rimba | wanardi.

Namaning angin: barat | maruta | pawana | samirana | bayu | anila | pracôndha | bajra | sindhung | lesus | prahara.

Namaning udan: jawuh | jawêh | jawah | warsa | wrêsti | riris | surur | caracap | sra.

Namaning gêni: pawaka | dahana | brama | bahni | anala | apuya | puyi | latu.

Namaning sagara: samudra | jalanidhi | udaya | udadi | hènawa | waudaya | waudadi | tasik | jaladhiyan | jadhi | nadi | jaladri | maodadi | laut.

Namaning kêdhaton: pura | purana | puraka | kanyapuri | puri | antapura | prasadarga | purantara | tajya | dhatulaya | taji | kadhatyan | purasaba | karatyan | kanyapura | karaton.

Namaning para arum: dyah | ngadyahi | adyahi | rèni | wara rèni | kanya | kanyapuri | wara kanya | kanyaka | wara kanyaka | wara kami | kamini | wara kamini | wangadya | wangadyahi | wanudya | strya | anakbi | anak bini | wara taruni | taruni | patni | wadu | marmadu | wanita | rêtna wanita | rêtna duhita | duhita | wara duhita | dayita | wangadya | wangadyaki | wangadyahi dalêm | stri-stri rêtna | wara kanya.

Namaning pasarean: pakasutan | pakulèn | pagulingan | pakêjêpan | pamrêman | parêman | paturwan | pasarean | patilêman | paturon | tilam | tilam rum | jinêm rum | jungut | pajungutan | gupit | jinêm mrik | pasuptan.

Namaning pêpajangan: pawarangan | môndhakiya | pakasutan | patanèn | pakobongan | pagubahan.

Namaning balekambang: yasa kambang | wisma kambang | môndakini.

Namaning sanggar palanggatan: môndakini | pidik | pamidikan.

Namaning pamêlêngan: pamursitan | pahoman | pasamadèn | pidikan | pahênginan.

Namaning kèthèk: wre | rewônda | wanara | palwaga | palgosa | juris | monyèt | bêdhès | kênas | munyuk | bruk | kapi | kuthila | kuthilapas | gocara | kêra.

Namaning cèlèng: cêlêngan | andhapan | waraha | sungkara | wêg | wag | jubris | wijung | batwi | durgangsa.

Namaning ula: sawêr | sarpa | taksaka | urar | naga | antaga | bujôngga | aliman | nuwinda | wiswaka | wisu.

Namaning sapi: lêmbo | andana | andaka | gomara | iyata | lambana | gutara | sumwata | nadrika | gorawa | biksu | garwita.

Namaning lawang: badra | baprodyā | dwara | dyara | dwari | dyarala | dwarala | dyaralaya | pintu | wiwara | kori, kontên.

Namaning golèk: curpa | tima | pratima | upadi | suwarna | surupa.

Namaning sato kewan: satwa | mêtgu | mrêga | wrigu | ataga | pasu | burwan | atbana | lubana | wrêgana.

Namaning gajah: liman | asti | dwipa | dipôngga | diradha | matêngga | samaja | samadya | waniti | kunjana | dirodana | èsthi | gathamuthu | brajamuka | gajaksa.

Namaning jaran: kapal | kuda | wajik | aswa | turôngga | adraba | undhakan | kalêngki | kalangkya | prasita | swaninda.

Namaning macan: sima | singa | singha | mong | kesari | arimong | sardula | pragalba | margadipa | margapati | wagra | arimba.

Namaning banthèng: andaka | angun-angun | yawa | jawidha | go | goh | gawaksa | gawindra | gurisa | sarawa.

Namaning kêbo: maesa | miswa | gomi | mundhing | andhanu | srawana | danuka | gopaka | badhagas | sityaka | karbwita.

Namaning asu: sêgawon | anjing | sona | srênggala | camêra | cika | swa | kuwaka | bugêl.

Namaning uwa-uwa: tutuha | srikangka | bruwarda | windra | lolidha | lawus | hwaba.

Namaning kucing: pusa | posiya | pawasa | kusingha | uridha | kumwangga | lindhika | windula.

Namaning manjangan: sangsam | maklana | sangkula | jêngkula | arusa | randhi | rusah | wrangga.

Namaning kuwuk: brewa | griwa | grêmusa | wilpusa | srênggampa | kukwaka | grêdawa | grêdula | grênda.

Namaning kidang: arina | arinya | ujung | kênas | sanggira | walkasa | dhinangsa | paula.

Namaning lutung: joni | anjani | kanjura | krêsnadha | wiruka | krêsnangga | tanuki | budhêng.

Namaning kancil: sasa | sahasa | makala | palguna | kancita | marguna | wariga | amika.

Namaning luwak: wulik | lêwis | arwaka | lardha | angkyatbuta | witridha | byatati.

Namaning wêdhus: menda | kambing | ami | badro | badrawadha | padrewana | wrisa | gandhora | askendra | duma.

Namaning warak: barkita | ascarma | libra | karthupa | panyula | sandêla | êndhêpan | durgangga.

Namaning tukang: tutuka | limbo | kandhuki | darkya | jurwama.

Namaning landhak: pangswang | wurandhêk | êntir-êntir | wirundisa | sujika | duryangga.

Namaning sênggung: sênggora | sriba | sahriba | lêngkosa.

Namaning wrêgul: sênggir | wurikta | sababa | baglana.

Namaning kasturi: kasturya | rawidha | padhyaksa | turila.

Namaning trênggalung: trangglang | wilangka | sanggrita | trambawa.

Namaning kênthus: pêthangkus | gênthorang | kwandaka | dumira | kênthu | katyaka.

Namaning lingsang: waringsa | yuywi | kapwa | canana | dokara.

Namaning garangan: walagra | gitraka | sapwan.

Namaning rase: rasya | lodha | gandaka | marwaga | januka | widada | widarsa.

Namaning bajing: wayingha | wasukta | ikurita | panyuba | niyuninda.

Namaning jalarang: dyararang | dahrika | wriha | cinggara.

Namaning tikus: wêgèng | wêgyang | musika | usthaka | krakitha | brita | jinadha.^[9]

Namaning cêcak: murti | srêpana | wêrca | wêca-wêca.

Namaning têkèk: basu | satmaka | walutru | darnita | wêrcagung.

Namaning bunglon: tanu | saputhata | bisawarna | taruja | kilasa.

Namaning kadhal: karla | umêkaka | didika | bundhan.

Namaning kawuk: sarira | manyawak | miyangga | diksa.

Namaning kodhok: pas | wiyung | canthuka | wrêstija | weyangga.

Namaning trênggiling: hola | krêta | tranggiro | tranggircwa | karikla.

Namaning yuyu: rakatha, karkatha | kalakatha | kratika | kartika.

Namaning kapithing: dahri | darika | kamitra | kathira.

Namaning kombang: bramara | satpada | madukara | madubrata | poali | lyali.

Namaning simping: sipi-sipi | kima | wirêngka | kamura.

Namaning kalabang: kanaba | manggakala | sirsa | sirusapa | sangkatha.

Namaning wêrna:^[10] kalandaru | winaba | srisawa | lipta | nodha.

Namaning codhot: codhot | laboka | syarima | cwatgora.

Namaning bajul: buwaya | wuhaya | wayama | wilwaya | wayura.

Namaning gêmak: puyuh | maningting | kayali.

Namaning prakutut: kitiran | uka | kiswara.

Namaning gagak: dhang-dhang | kangka | ajap-ajap.

Namaning banyak: gangsa | ôngsa | awija | wranggura.

Namaning mêrak: badhak | cohung | manyura | wayuninda | kuwong | lancung.

Namaning pritgantil: cucur | kadhasih | tidharsa | tadhahkarsa ^[11] wlas-arêp | rês-rês.

Namaning prênjak: tamuyana | sri satata | hla.

Namaning cêkaklak: cintaka | triklaklak | usaya.

Namaning kalajêngking: kiha | mracika | wrisika | karkala | wikatha.

Namaning jangkrik: jota | rikrita | mitsnadha.

Namaning coro: curwa | lipasa | karlaka | wragna.

Namaning gangsir: makri | tangtira | kintrasa.

Namaning kamôngga: kamamangga | kyaka | warmata | umêng | gumênggêng.

Namaning pitik: pitrik | ayam | ahyam | sata | kruha.

Namaning bèbèk: kambangan | cakrita | cakrama | duwaba.

Namaning maliwis: silêman | griwis | cakarwa | cakrawaka | cakrangga.

Namaning kalong: kalwang | lêngking | karsaka | gingga | gingguna.

Namaning konang: karlipa | kardipta | paryana | prawiku.

Namaning lawa: laba | sèri | sembu | sopta | cot.

Namaning walangkapa: dumrada | langkapa | cangkring | sranggita.

Namaning cacing: anwil | lusi | nauti | warcita | wrêtija.^[12]

Namaning bulus: wayangsa | kurmanda | wadhungha | welusa.

Namaning lêmüt: nyamuk | rakadha | murinda.

Namaning tawon: tabsawata | tusara | mitala.

Namaning mimi: imi-imi | mindara | mintuna | mithuna.

Namaning kijing: wahna ^[13] krêmisa | lindhana.

Namaning lancêng: tungkara | anungkara | welatana.

Namaning walang: wancak | wancala | kithika | wancal.

Namaning kupu: karmija | trija | drupawa | ranggana.

Namaning kinjêng: kipada | saspada | trungka | trawanggana.

Namaning lalêr: masika | ladra | pastika | wisrisa.

Namaning ece: daki | karaca | kumira | tyacya.

Namaning ulêr: kramimara | wrêkita | urta | ratyaka.

Namaning tinggi: tinggyana | kindraka | marusruka | bangsarha.

Namaning iwak loh: mina | matsya | maswa | jita | wyangga | mira | oti.

Namaning manuk: paksi | kaga | kukila | garudha | garura | garêlya | saimbra.

Namaning sêmut: brakithi | tutsma | rurinda | kasarya.

Namaning pênyu: masiran | kêtêm | kêtimwang | kurma.

Namaning punggawa: pratiwa | batha | partiwa | sumantri | partiwabala | rasika | prameya | punggawa.

Namaning wadyabalatôntra: baladika | balagana | balapati | brêtyapati | waduaji | batha brêtya | wadyakuswa | balakoswa | balakrama | balawan | bala balawan | bala durbala | wadya kosahana | bala kosawahana | balaskosawahana.

Namaning rencang: patik | dasih | sahaya | amba | kawuntên | manih | manêh | manih-manih | kawula | ulunan | batur | wadu.

Namaning rencang èstri: pacara | paridha | paricara | paricarika | paricare | manih | kaka-kaka | kakaka | kaka | kakèr | gundêk | wangingdalêm | parêkan, cèthi.

Namaning wadya apês: pratiwadama | prati wadyama | brêtya dama.

Namaning kengkenan: duta | caraka | wimbasara | gandhèk | utusan.

Namaning paksi dara: kutu-kutu | ambara | mangudara | andhara | parpati.^[14]

1. jatha. ([kembali](#))
2. idêp. ([kembali](#))
3. adhadha. ([kembali](#))
4. ampadhu. ([kembali](#))
5. nara. ([kembali](#))
6. nara aji. ([kembali](#))
7. naraprabu. ([kembali](#))
8. nara indra. ([kembali](#))
9. jinada. ([kembali](#))
10. rêna. ([kembali](#))
11. tadhaharsa. ([kembali](#))
12. wrêjita. ([kembali](#))
13. wahana. ([kembali](#))
14. marpati. ([kembali](#))

Copyright © 2011-12 Yayasan Sastra Lestari. All Rights Reserved.

http://www.sastra.org/katalog/judul?ti_id=1903
